



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISPONIBILITE 90 MILYON DOLA ÈD IJANS FEDERAL POU CHOFAJ NAN KAY

Èd ijans pou chofaj kay disponib pa fanmi ogmante jiska a 42 pousan pou ede Nouyòkè yo evite chofaj ijans nan mitan wos pri kabiran an nan sezón ivè

Y ap aksepte aplikasyon yo apati 3 janvye

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon ogmantasyon enpòtan ane apre ane nan èd pou chofaj kay ki disponib la—avèk plis pase 90 milyon dola finansman federal ki disponib pou ede Nouyòkè ki gen revni ki fèb ak revni mwayen yo ke yo te dekonekte chofaj yo oswa sous chofaj yo te fini pandan ogmantasyon pri gaz nan sezón ivè a.

Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay la (Home Energy Assistance Program, HEAP) ke Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap la (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) jere a ap kòmanse aksepte aplikasyon pou benefis apati lendi 3 janvye pou Nouyòkè yo ki te itilize benefis nòmal yo déjà epi k ap fè fas ak ijans chofaj.

"Avèk klima ivè glasyal ki rive a ak wos pri gas yo, nou dwe fè tout sa ki nan pouvwa nou pou sekirize Nouyòkè k ap goumen pou kenbe chofaj yo limen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ogmantasyon enpòtan sa nan èd pou chofaj ijans pou kay ki disponib la reprezante yon kòd sovtaj pou plizyè dizèn milye fanmi. Sa ap ede yo chofe kay yo, evite fakti aryere yo anpile, epi evite estrès enkwayab ak anksyete ki ka depase nenpòt moun k ap fè fas ak ijans chofaj."

Montan benefis ijans pou chak fanmi te ogmante a omwen 32 pousan, epi plis pase 42 pousan, toudepan de kalite gaz chofaj la itilize pou fanmi an. Yon kay ki chofe ak gaz natirèl ap kalifye kounye a pou 465 dola, yon pousantaj 32.8 pousan ogmantasyon pa rapò ak benefis ane pase a; alòske yon kay ki itilize gaz, kewozèn oswa pwopàn ap kalifye pou 965 dola, yon pousantaj 42.9 pousan ogmantasyon pa rapò ak ane pase a

Komisè Egzekitif Adjwen Biwo Asistans Tanporè ak Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "Twòp Nouyòkè ap goumen pou siviv pandan mwa fredi yo ap kontinye. Epi avèk ogmantasyon ki pwononse nan depans biblik pou chofaj yo, ane sa p ap yon eksepsyon. Benefis ijans HEAP bay yon solisyon tanporè pou fanmi sa yo ki an reta sou fakti chofaj yo oswa gen risk pou epuize apwovizyonman chofaj yo pou yo ka kontinye chofe kay yo pandan sezón ivè a."

PDG Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Service) Rory M. Christian, te deklare "Mwen bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul ki abòde bezwen anpil konsomatè pou klere kay yo epi kenbe kahy yo cho nan sezon ivè sa. "Depatman Sèvis Piblik la travay aktivman ak sèvis piblik Eta New York yo pou asire ke konsomatè enfòme de fason pou redwi bòdwo kouran yo. Anplis de sa, n ap kontwole sèvis piblik yo ak anpil atansyon pou asire ke y ap ofri tout pwoteksyon posib pou konsomatè yo pou sèvis yo kontinye san entèripsyon pandan mwa ivè ki fè frèt yo."

Pandan sezon otòn nan, Komisyon Sèvis Piblik la prevwa ke bòdwo elektrik ak gaz natirèl ap pi wo anpil pou sezon ivè 2021-2022 a, ak gaz natirèl ke yo prevwa k ap ogmante an mwayèn anviwon 21 poustan nan tout eta a. Pri pwopàn nan te ogmante tou a apeprè 30 poustan depi ivè pase a dapre Otorite Rechèch ak Developman sou Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority).

Pou kalifye pou benefis ijans lan, yon fanmi ki kalifye pa rapò ak revni dwe ap fè fas ak yon koupi sèvis piblik, oswa dekoneksyon sèvis elektrisite si li nesesè pou fè ekipman chofaj prensipal la fonksyone. Fanmi ki te itilize apwovizyonman konbistib chofaj yo oswa ki gen mwens pase yon ka tank gaz, kewozèn, oswa pwopàn, kalife tou pou benefis la; oswa ki gen mwens pase yon apwovizyonman pou 10 jou oswa lòt konbistib chofaj.

Yo aksepte plikasyon pou asistans yo nan depatman lokal sèvis sosyal yo an pèsòn oswa pa telefòn, epi y'ap bay finansman sou baz yo ap sèvi moun ki vini anvan yo an premye. Ou ka jwenn yon lis biwo lokal yo dapre konte yo [isit la](#). Rezidan andeyò Vil New York yo ka [aplike sou entènèt](#) tou pou avantaj asistans chofaj regilye yo. Rezidan Vil New York yo ka telechaje yon aplikasyon epi jwenn enfòmasyon sou pwogram lan [isit la](#).

Ane pase, benefis chofaj ijans lan te bay asistans ki enpòtan pou plis pase 111,000 Nouyòkè. An tou, OTDA te distribye apeprè 65 milyon dola nan asistans chofaj ijans pandan sezon ivè 2020-2021 an.

OTDA kontinye resevwa aplikasyon tou pou lòt aryere nòmal yo, ki bay 150 milyon dola finansman federal pou ede fanmi ki kalifye pou HEAP yo peye aryere sèvis piblik pou chofaj yo. Peman yon sèl fwa a ap kouvrir tout aryere sèvis piblik pou chofaj aryere yo jiska 10,000 dola pou chak kay, ak demann pou asistans ke yo aksepte nan depatman sèvis sosyal lokal la an pèsòn oswa pa telefòn.

Gen èd ki disponib tou pou mèt kay ki kalifye yo si ekipman chofaj prensipal yo danje oswa si yo pa fonksyone epi si yo dwe repare oswa ranplase foundo oswa chodyè yo. Kantite benefis atravè pwogram Reparasyon ak Ranplasman Ekipman Chofaj HEAP yo baze sou pri reyèl ki fèt pou repare oswa ranplase ekipman chofaj esansyèl la—jiska 3,000 dola pou yon reparasyon ak 6,500 dola pou yon ranplasman.

Pwopriyetè kay ki kalifye yo kapab aplike tou pou yon benefis pou Netwaye ak Regle Ekipman Chofaj HEAP pou kenbe sous chofaj prensipal lakay yo an fonksyon nan

kapasite maksimòm yo. Aplikan pou avantaj sa yo dwe kontakte depatman sèvis sosyal lokal yo a pou yo jwenn plis enfòmasyon.

Pou kalifye pou pwogram finansman federal sa yo, aplikan yo dwe satisfè kritè kalifikasyon HEAP ak direktiv sou revni yo, ki varye selon kantite moun ki nan kay la. Pa egzanp, yon fanmi ka gen kat moun ka gen yon revni mansyèl brit maksimòm ki se 5,249 dola oswa yon revni anyèl brit ki se 62,983 dola.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)